

## ADMINISTRASYON RESOUS IMÈN VIL NEW YORK

### Avi Odyans Piblik ak Opòtinite pou Kòmante sou Pwopozisyon Amande yo nan Chapit 12 nan Tit 68 nan Règleman Vil New York yo Ki gen Rapò ak Pwogram Fair Fares Vil New York

**Kisa nou pwopoze?** Administrasyon Resous Imèn Vil New York la ("Human Resources Administration, HRA") pwopoze pou amande pwogram Fair Fares la pandan l ap ogmante kalifikasyon estanda revni an soti nan 100 pousan nivo povrete federal pou rive nan 120 pousan.

Odyans piblik la ap fèt a distans sou Zoom vandredi 6 septanm 2023 a 10è nan maten. Moun ki ta renmen swiv odyans lan kapab patisipe sou:

**Zoom (videyo ak odyo):** <https://www.zoomgov.com/j/1618835130>

Oswa ale sou [www.zoom.us](http://www.zoom.us), klike sou patisipe nan yon reyinyon (join a meeting) epi antre Nimewo Reyinyon (Meeting ID) an: 1618835130

**Telefòn (odyo sèlman): 1-646-828-7666**

Lè yo mande w sa a, antre nimewo reyinyon an: 1618835130

Nimewo pòtab rapid: +16468287666,,1618835130#

**Kijan pou mwen fè kòmantè sou règ yo pwopoze yo?** Nenpòt moun kapab fè kòmantè sou règ nou pwopoze yo pa mwayen:

- **Sitwèb.** Ou kapab soumèt kòmantè yo bay HRA sou sitwèb règ NYC yo sou <http://rules.cityofnewyork.us>.
- **Imèl.** Ou kapab voye kòmantè pa w yo pa imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov. Tanpri mete "Amandman Fair Fares" nan liy sijè a.
- **Kourye.** Ou kapab voye kòmantè yo pa lapòs nan:

HRA Rules  
c/o Office of Legal Affairs  
150 Greenwich Street, 38<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10007

Tanpri di aklè ou ap fè kòmantè sou Amandman Fair Fares.

- **Faks.** Ou kapab voye kòmantè yo pa faks nan 917-639-0413. Tanpri mete "Amandman Fair Fares" nan liy sijè a.

- **Pran lapawòl nan odyans lan.** Ou kapab enskri pou ou pale nan odyans lan lè ou rele 929-221-7220 oswa lè ou voye imèl nan [NYCRules@hra.nyc.gov](mailto:NYCRules@hra.nyc.gov) nan dat oswa avan kòmansman odyans lan nan dat 6 oktòb 2023. Yo ap rele moun ki pral pran lapawòl yo nan lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale jiska twa (3) minit.

**Èske gen yon dat limit pou soumèt kòmantè yo?** Dat limit pou soumèt kòmantè yo se 6 oktòb 2023 a minwi. HRA dwe resevwa kòmantè yo ansanm ak mesaj yo voye pa imèl yo 6 oktòb 2023 oswa avan dat sa a.

**E si mwen bezwen èd pou m patisipe nan odyans lan?** Si ou bezwen sèvis entèprèt lang oswa yon aranjman rezonab pou patisipe nan odyans lan, ou dwe di nou sa. Ou kapab di nou sa pa imèl nan [NYCRules@HRA.nyc.gov](mailto:NYCRules@HRA.nyc.gov). Ou ka di nou sa nan telefòn tou nan 929-221-7220. Li nesèsè pou ou avèti nou davans pou ou kapab pèmèt nou genyen ase tan pou nou fè aranjman. Tanpri di nou sa avan jou vandredi 29 septanm 2023 a 9è nan maten.

**Èske m kapab wè kòmantè yo fè sou règ yo pwopoze yo?** Ou ap kapab li kòmantè yo fè anliy sou règ nou pwopoze yo lè ou ale sou sitwèb la ki se <http://rules.cityofnewyork.us/>. Kopi tout kòmantè yo soumèt sou entènèt yo, kopi tout kòmantè yo fè alekri yo, ak yon rezime konsènan kòmantè yo fè aloral sou règ nou pwopoze a ap disponib pou piblik la sou sitwèb HRA a touswit apre odyans lan.

**Kisa ki bay HRA otorizasyon pou li etabli règ sa a?** Seksyon 603 ak 1043 nan Manman Lwa Vil New York. Yo pat mete règ sa a yo pwopoze an nan kalandriye règman HRA ak HPD yo pou ane fiskal sa a paske li pa t prevwa nan moman piblikasyon an.

**Ki kote mwen ka jwenn règ HRA yo?** Règ HRA yo parèt nan tit 68 ki nan Règleman New York City yo.

**Ki règ ki detèmine metòd pou fè règ yo?** HRA dwe respekte egzijans Seksyon 1043 ki nan Manman Lwa Vil la lè li ap etabli oswa chanje règ yo. Nou fè avi sa a dapre kondisyon nou jwenn nan Seksyon 1043(b) Manman Lwa Vil la.

## **Deklarasyon Baz ak Objektif Règ la**

Pwogram Fair Fares NYC la ede moun k ap viv nan Vil New York yo ki pa gen gwo revni jere frè sèvis transpò yo pandan l ap bay yon rabè 50% sou transpò piblik la. Rezidan ki kalifye nan Vil New York yo resevwa yon rabè 50% sou tikè metwo ak bis ki kalifye yo. Opsyon pèman trajè senp (Pay-per-Ride), trajè san limit pou yon semèn, ak pou yon mwa yo disponib. Fair Fares kapab bay 50% rabè tou sou vwayaj transpò ki adapte MTA Access-A-Ride.

Règ Fair Fares aktyèlman di avan taks aplikan an pa dwe depase 100 pousan Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL). Règ ki pwopoze a pral ogmante nivo revni an ak 120 pousan FPL la. Agrandisman pwogram rabè Fair Fares la pral asiste moun New York ki gen revni fèb yo pandan l ap amelyore aksè ak bezwen chak jou yo tankou travay, edikasyon, swen sante, manje, lanati ak anmizman epi l ap bay plis enpòtans ak yon devlopman ki jis ak restore vil New York la apre pandemi an. Anplis, amelyorasyon ak aksè nan egalite revni ak pèmèt amelyore kalite lavi moun ki ap viv New York ki gen revni ki pi fèb yo.

Depatman otorite pou règ sa yo chita nan Seksyon 603 Manman Lwa Vil la ak Seksyon 34 Lwa sou Sèvis Sosyal New York la.

Nou souliyen nouvo materyèl lan. Enfòmasyon ki efase a se [kwochè].

**Seksyon 1. Yo amande soudivizyon (a) nan Seksyon 12-03 nan Tit 68 Règleman Vil New York yo pou yo li l konsa:**

- (a) Pou yon aplikan kapab vin elijib pou resevwa yon rabè Fair Fares li dwe:
- (1) soumèt yon aplikasyon ki ranpli, ki gen ladan papye sipò, nan yon fòm ak fason Pwogram lan etabli;
  - (2) soumèt yon fòm Kondisyon Itilizasyon Fair Fares NYC ki siyen dapre Memorandòm DSS/HRA ki gen rapò ak Otorite Tranzit vil New York; epi
  - (3) ki reponn ak egzijans kalifikasyon sa yo:
    - (A) Aplikan an dwe se yon moun k ap viv nan Vil New York;
    - (B) Aplikan dwe gen ant 18 ak 64 lane;
    - (C) Revni avan taks aplikan an pa dwe depase [100] 120 pousan FPL la;
    - (D) Sof nan ka kontre 68 RCNY § 12-02(a), aplikan an pa dwe elijib aktyèlman pou yon doub rabè oswa avantaj nan men DSS/HRA, NYCT oswa nenpòt lòt antite oswa pwogram;
    - (E) Yo pa dwe sispann aplikan an kounye a oswa diskalifye li pou toutan nan Pwogram lan anba seksyon 12-05(b) nan chapit sa a;

**§ 2. Yo amande soudivizyon (a) nan Seksyon 12-08 Tit 68 nan Règleman Vil New York yo pou yo li l konsa:**

- (a) Toutotan pwogram lan itilize yon kat pou li fasilite rabè a pou kèk kalite transpò, Pwogram lan gen dwa pou li mete limit nan kantite kat ranplasman li pral bay yon moun pandan yon ane sivil, dapre Kondisyon Itilizasyon selon Memorandòm Akò DSS/HRA ak NYCT.